84 (Бузб-6к)
2-58.

# ӘЖИНИЯЗ

## Бозатаўлы нәзәлим



Книга должна быть возвращена
не позже указанного здесь срока

Количество предыдущих выдач ____________

11.04.03.
7/IV 2005

1 зала

Т. 2 З. 1289—3000000—89 г.

84(5Ӯзб·6к)
Ә 50

ӘЖИНИЯЗ



# Бозатаўлы нәзәлим

*Әжинияз шайырдың нама қосықлары*

BILIMGE ALI'NDI'-2010

НӨКИС
„ҚАРАҚАЛПАҚСТАН"
1995

84 Кар
Ә—50.

**Әжинияз.**

**Бозатаўлы нәзәлим:** *Әжинияз шайырдың нама қосықлары.*—Нөкис: „Қарақалпақстан", 1995. 56 бет. Нотаға түсирилген.

Әжинияз Қосыбай улы (1824—1878) Қарақалпақ классикалық поэзиясында ышқы-муҳәббет қосықларының султаны. Шайырдың садақатлы сәўгини улуғлайтуғын қатар қосықларына композиторларымыз тәрепинен намалар жазылып киятыр. Журтшылыққа усынылып отырылған топлам сол нама қосықлардың бир пәршеси ғана.

**Баспаға таярлағанлар. К. Заретдинов,**
**О. Янгибаев.**

Нөкис калалық орайласқан
китапханасы
Китап топлаў ҳәм
таярлаў бөлими
№ 4630

Ә $\frac{4702270102-206}{М-357(04)-95}$ Б.—95

© „Қарақалпақстан" баспасы, 1995.

# БОЗАТАЎЛЫ НӘЗӘЛИМ

*К. Заретдинов намасы*




Ajiniyaz atindag'i NMPI
Informaciyali'q resurs orayi
INVENTAR № 66080 3


гул - бы - нәф-ша нә-зә -
тин, ә-се-лиң хәр
рә-ни әй гул-ден без-ди
рер,
кир-пик-ле-риң су- зип




бақ-қан нә-зе- риң,
Жул-дыз-ды жаў-ра-тып, әй
түн-нен без-ди - рер.


Көң-тим сә-де - бы - ни
бир-бир яз- ды - рып,
қай-та бас-тан ге-не эй
эй--------- эй------




дәр-тим қоз-ды- рып,
Кә-пир кө-зиң
му- сул - ман-ды аз-ғы
-рып, Бий-ша-ра Зий-
ўар-ды эй - дин-нен без-ди-








Бозатаўлы гүлбинәфша нәзәлим,
Әселиң ҳәррени гүлден бездирер,
Кирпиклериң сүзип баққан нәзериң,
Жулдызды жаўратып, түннен бездирер.

Жамалың бир көрип кеттим димардан,
Йүзимни үгирдим шамси—қамардан,
Өзимни бездирип сабыр-қарардан,
Сабырыў-қарарымды меннен бездирер.

Кумырысқадек кыпша-кыпша беллериң,
Бармақ толы йүзик-йүзик әллериң,
Әсел катқан сүжик-сүжик тиллериң,
Жыланды жылжытып, иннен бездирер.

Фәлекиниң ойыны—Жәйҳун гирдабы,
Бир тәбәссум етсең көңлимниң табы,
Ышқы ләшкериниң дәҳшат сәркабы,
Бул аманат жанды тәннен бездирер.

Писте бурыңында тилла әребек,
Екки қара көзиң екки бәледек,
Ургениш йуртында бегим Төребек,
Тахтынан тайдырып, елден бездирер.

Көңлим сәдебини бир-бир яздырып,
Қайта бастан гөне дәртим қоздырып,
Кәпир көзиң мусылманды азғырып
Бийшара Зийўарды диннен бездирер.

## АЙ ӘЛИП

*Ә. Султанов намасы*







Жым-жа-ма-лың кор-ме-ген-ше
за-ры гир-ян зий-ўа-рый
А




ҳа-ҳа-я шәр-мим ке-тип дур
тый-ғы жәл-лә-дың би-лән,


Ҳий-қы-я - лым - нан а-даш-тым
да-на-йы қа - лың би-лән,
Дал-ға-ўа-дәр-тим-ге тап-тым
I-V
ләп-те-·ги па - лың би-лән,




II-V
нақ-шы дән-да - кың би-лән
ре-ра-ўаж ет - ти ме-ни кәк
син-де-ги ҳәй кел-ле-рий




Ай-әлип ким ақ йузиңдур айни әләм әнўарий,
Бе-белиң кыпша дилбар, көз ғанаң Шаҳла
ўәлий,
Те-тисиңдур дана-дана ләблериңниң
паллары,
Се-сорып шийрин ләбиң қанадурман,
әй, пәрий,
Жым-жамалың көрмегенше зары-гирян
Зийўарий.

Ҳа-ҳая шәрмим кетипдур тыйғы жәлладың
билән,
Хий-қыялымнан адастым данайы қалың
билән,
Дал-даўа дәртимге таптым, ләптеги палың
билән,
Зал-зеҳним хош етерлер нақшы дәнданың
билән,
Ре-раўаж етти мени көксиндеги ҳәйкеллерий.



Зе-зайығ болса пәрий, сен зәрре мендин
ақыл ал,
Сын-сия зулпиң тутарға қалмады ҳеш
менде ҳал,
Шын-шараблы ләблериңди мен ишерге
биймәлел,
Сат-сабыр әйлейин, ышкында еттиң аклы лал,
Зат-зайығ болма, пәрийўәш, набәлентке
мудамий.

Тай-табың хош мулайым, хош тәкәллум,
хош әдеп,
Зайы-залым өңириңе мәрўер мунаққашын
безеп.
Айни-ақылымды алды, әлгимдеги қалан
сәдеп,
Ғайни-ғамзең көксиңе ярашады куп әжеп,
Фе-фәрең румал дур, гүл йүзиңде гүлшәний.

Кап-қапақ қашың қақарға қақышан
сүмбиллериң,
Кеп-кирпик көзлериңдур тийғы жәўҳар
тиллериң,
Лам-ләбиң шийрин шекер мен бағ ара
бүлбиллериң,
Мим-мени кеше күндиз тартты көңил-
диллериң,
Нун-[illegible] кийген шаҳсуўарым кел
берий

informaciyalı'q resurs orayı
INVENTAR № 17
2-1/6
66080
калалык
китапханасы
Китап топлаў ҳәм
таярлаў бөлими
№ 4630

Ўаў-ўәдеңде бир ма ықрар, ҳәй нигарым,
бер хабар,
Ҳе-ҳилалы ҳижриден ҳәсиреттемен шамыў
сәҳәр,
Ләмәлипдек ләбиңдин мен ишерге биймәлел,
Бунша мунафиқ болыб, ашықларға берме
ҳазар,
Я-ядына түсер ме мен кибий ҳәмдәмләрий.

Мен аның ўаспын язарға әлиме алып кәлем,
Жилўасы жанымды алған ол нигарға көп
сәлем,

Тоты яңлы ҳәйәти ҳаўазы хош, шийрин
кәлам,

Зәр-сия кәлемнен намаңыз еттим тамам,
Зайығ олмас деп, Зийўарың умийдуўар
мийнетий.

## ГӨЗЗАЛЛАР

*Ә. Султанов намасы*




























Қыя бақып мениң жанымды алып,
Йуз мың жилўа менен шыгар гөззаллар,
Йурегиме ада болмас от йақып,
Мениң жаным отқа йақар гөззаллар.

Тырнадек олтуриб, сонадек йурген,
Йузмың жылўа менен қабағын керген,
Шашларына дағлы маржан өткерген,
Мың тумен наз билән бақар гөззаллар.

Қара көзи гәўҳар киби жаўдырап,
Кийген тоны көрген сайын жалтырап,
Өңир моншак, ҳәйкел тағып сылдырап,
Сүзип қәлем қасын қақар гөззаллар.

Ҳайтга-тойда жигит-желең жыйылса,
Ай қасында жулдыз сәўбетлер қурса,
Саллана-доллана қыз-жаўан келсе,
Көздиң жаўын алар анда гөззаллар.

Яр сарайы дәўран он төрт яшында,
Қызлар йүрер ерди-дегри-дашында,
Айтар Зийўар яр саўдасы башында,
Ышқы шарабынан ишкен гөззаллар.

## БИР ПӘРИЙ

*К. Абдуллаев намасы*









А- - - - - - - -
Тын-бас ке-ше кун-диз ка-зим
гир -я - ны, Ба-лып-пан-мен
а- нық бағ-ры бир-я- ны
жис-мим-ди өр-те-ди да-ғы




Ҳиж-ра- ны, Каз-де я-шым
Тө-кип кет-ти шуя-лә-рий.
жис-мим-ди өр - те-ди да-ғы
ҳиж-ра-ны көз-де я-шым
тө-кип кет-ти бир пә-рий




Зербараг өрилгеи тилла шашбағы,
Акыл-ҳуўшым алып кетти бир пәрий,
Тал шыбыктай қыпша бели белбағы,
Мени ҳайран етип кетти бир пәрий.

Сәйир әйлабан гезип саатлы заман,
Шаҳсәнем, Ләйлидей жүрип пәраўан,
Жәм болып турғанда бәрше қыз-жаўан,
Саллана-саллана өтти шул пәрий.

Келип хошластылар көзге яш алып,
Мен ҳәм турдым ерип, балкып босанып,
Шамшәди қаўмәти зерге жасанып,
Мени отка яқып кетти шул пәрий.

Хошласып мен қалып, болып интизар,
Тәнимдә қалмады зәрредек мәдар,
Мен аның ышқында болдым бийкарар,
Ақлы-ҳуўшым алып кетти шул пәрий.



Тынбас кеше күндиз көзим гиряны,
Болыппан мен аның бағры биряны,
Жисмимди өртеди дағы ҳижраны,
Көзде яшым төкип кетти шул пәрий.

Келмес андай дилбар якты жаҳана,
Ҳуснини м зеттим ҳуўри-ғулмана,
Дишлери мәселлик ҳинжи-маржана,
Бу заманниң йоқдур шундай дилбәри.

Бул елде көрмедим аныңдек дилбар,
Кешени ак йузи әйлер мунәўўар,
Кийген либаслары тамамила зер,
Зия зулпы екен мүшки әнўәрий.

Йуз әлўан доланур қәддини дүзеп,
Нәзерлеп кирпигин оқ киби гезеп,
Ләйли, Зухра, Сәнем киби хош әдеп,
Бағ әрәмгә мунәсипдур шул пәрий.

Ҳәр ким айтур, ана ҳәмдәм болсам деп,
Йолында жанымды пидә қылсам деп,
Мубәрек жамалын җәне көрсем деп,
Зийўарды отларға салды шул пәрий.

## ӘЙ, НӘЗӘЛИМЛЕР

*Н. Мухамеддинов намасы*


Sostenuta
Бул дүнь-я-да ай - шы
әши—— рет
яқ- шы- ды,
кел са-па су- ре-ли
әй, нә-


зе- лим- лер,
А- шық-лар-ға му- дам
сөх - бет яқ-шы-ды,
Кел ой - нап ку- ле-ли,
әй нә-




Бул дүньяда айшы-әширег якшыды,
Кел сапа сүрели, әй, нәзәлимлер,
Ашыкларға мудам сөҳбет якшыды,
Кел, ойнап-күлели, әй, нәзәлимлер.

Ашыкты өлтирер ярдың кыялы,
Бийҳуш етер татсан ләбиниң палы,
Ҳәр бир сөзи әсел киби мазалы,
Кел, сапа сүрели, әй, нәзәлимлер.



Ашық-машуқ болса бир қалый жайда,
Айшы-әширет қурса тилла сарайда,
Тамаша етип, бүгин ҳайт билән тойда,
Кел, дәўран сүрели, әй, нәзәлимлер,

Өңириңе ҳәйкел моншақлар тақкан,
Ийба әйлеп күлип, қыйылып баққан,
Зийўар айтар, кеўлим дәрьядек аққан,
Кел, ағзы дуўалы, әй, нәзәлимлер.

## БИР ЖАНАН

*Ә. Султанов намасы*




ял-ра-ный ок,
бул се— — — — — —
зи-ма әй сен и-нан
мың жыл-ўа наз әй-леп, әй— — —
бак-ты да кет-ти.


күн ор-та-да йер-дим әй
уй-кы да я - тыб,



3-146 


ә- деп ик-рам
би-лән әй
жа- най биз-ди ой-ға
тиб,
Ши-рин шә-кәр ме-нә әй




сөз ле- рин қа-тыб
Қә-лем қа-шын
ме-ңа әй —— қақ-ты да кет-
ди
Тамамлаў ушын
rit
ә-зиз жа-ным тән-дин әй




Көзимә көринип, беглер, бир жанан,
Шийрин жаным отқа яқты да кетти,
Ялғаны йоқ, бул сөзимә, сен инан,
Мың жылўа наз әйлеп, бақты да кетди.

Күн ортада йердим уйқуда ятыб,
Әдеп-икрам билән бизди ойғатиб,
Шийрин-шәкар менә сөзлерин қатыб,
Заман егләнмәйин шықты да кетти.

Көрген заман аны бағрымны езиб
Олтурдым жанымдан үмийдим узиб,
Жаным отқа яқты көзлерин сүзиб,
Қәлем қашын меңа қақты да кетди.



Ақлымны кетурдым көрген шул заман,
Ойғаниб уйқудиң көрсем, бир жанан,
Кирпиги оқ аниң, қашлари кәман,
Әзиз жаным тәндин шықты да кетди.

Зыя зулпы мисли рәңли қундыз,
Көрә билмән едим яқыннан ҳәргиз,
Ләйли, Зулайхадек ол сәҳиб тәмиз,
Бади-саба болып ести де кетди

Шәмши жадыў жәллад, қашлары қәлам,
Қойды сийнәмизә йуз мың дағ әлем,
Наз әйләйуб сужик тилли ол сәнем,
Маңә бир истанат тақты да кетди.

Сәрәфраз қаўмәти, сәдаф дәнданлы,
Башындын аяқы әдеб—әрқанлы,
Ол ҳәм мениң киби йуз мың әрманлы,
Көздиң қанлы яшын төкти де кетди.

Ләйли-Зухра, Сәнем яңлығ сүўрети,
Туўбы ағашына мегзер қәмәти,
Аҳ дегенде шыққан ағзының оты,
Он саккиз мың әлем якты да кетди.

Иззет икрам билан тиләб жаўабы,
Тәўазығлық әйлеб, бериб сәлами,
Ғамзә билән бакыб айган кәлами,
Тамам устиханым яқты да кетди.

Үстине кийгени атлас кам..ады,
Башда түрме, әлде пәрең румалы,
Ашық Зийўар аны көрген заманы,
Арақ сәйлан етиб ақты да кетди.

## ЙОҚ МЕНИҢ

*З. Лепесов намасы*









На-за-кат ба бын-да кә-мә-
тиң шәм-шад,
Сән-дин өз-ге ул-фи кә-рим
йоқ ме-ниң


се-ни көр-сем бо-лур ме-ниң
көң-лим шад
жа-ҳан-ниң ғами-дин бо-лур
мән а-зад,




Кара көзли, шийрин сөзли дилбарым,
Сендин өзге сәўир ярым йоқ мениң,
Таза гүлистаным, маҳи әнўарым,
Ҳәсиретиннен ҳеш карарым йоқ мениң.



Сени көрсем болур мениң көңлим шад,
Жаҳанның ғамийдин болурмән азад,
Нәзакат бабында қәмәтиң шәмшад,
Сендин өзге үлфикәрим йоқ мениң.

Назлы дилбар, сенсең, ўафалы жәнан,
Ҳуснинниң рәўишине боларман ҳәйран,
Шийрин жаны болсын йолында курбан,
Сендин өзге сәўер ярым йоқ мениң.

Он екки пердеге екки тар десе,
Жигит сабырын жойтар сәўер яр десе,
Зийўар айтар, ҳүр-перийлер бар десе,
Сендин өзге сәўер ярым йоқ мениң.

## ҚУБА ҚУШ

*Ә. Султанов намасы*




кел-ҳа-ҳа қуў-куў ку-ба қуш
Мен ге-зер-мен сай-ыл бо-лып
6
8
кел ҳа-ҳа қуў-қуў қу-ба-қуш
кел-ҳа-ҳа қуў-қуў қу-ба-қуш






уш - ма - ғыл бағ-ның е-ри-нә,
Шық-ма-ғыл дағ-ның се-ри-не,
Ра-ҳим ет ат-тың те-ри - на,




мен ге-зер-мен са-йыл бо-лып
кел-ҳа-ҳа қуў-қуў қу-ба қуш
кел ҳа-ҳа қуў-қуў қу-ба қуш



Кеттиң көзден ғайып болып,
Келҳа-ҳа, куў-куў, қуба қуш,
Мен гезермен сайыл болып,
Келҳа-ҳа, куў-куў, қуба қуш.

Ушмағыл бадның өринә,
Шықмағыл дағның серине,
Раҳим ет аттың теринә,
Келҳа-ҳа, қуў-қуў, қуба қуш.

Атаң-туйғын, енең-лашын,
Қаршыға жийен қардашың,
Келип көргил көзим яшын,
Келҳа-ҳа, қуў-қуў, қуба қуш.

Енең-лашын, атаң-суңқар,
Сени көрсе титирер аўлар,
Өрдек, ғазыў, сүйлин, зағлар,
Келҳа-ҳа, қуў-қуў, қуба қуш.

Сен бил қустың алғыр базы,
Йолда қалды мәллә тазы,
Мен күтәрмән қышыў-язы,
Келҳа-ҳа, қуў-қуў, қуба қуш.



Сени қуўды шум қара қуш,
Қутылай десең бир елге туш,
Ел таппасаң бермаған уш,
Келҳа-ҳа, қуў-куў, куба қуш.

Сени дийуб Зийўар ағлар,
Йурек бағрын отқа дағлар,
Өлгенше истәб сорағлар,
Келҳа-ҳа, қуў-қуў, қуба-қуш.

## БАРМЕКЕН

*Ә. Султанов намасы*




4-146


Ра-ҳим әй-ле, пат-ша-қымел-ге жет-кер
сен ме-ни
Я- ы -ла -ҳим, е-лим-ды
1-V
кө-рер күн- лер бар-ме-кен




2-V
кө-рер күн-лер бар-ме-кен
ҳақ ә-зел-де
әй-ле-миш ош-буў-йұ-ришбиз-


ге не-сип,
я-рыў-дос-тан ай-ры-лып,қай-
ғы ду-ман бас-қа ту-сип,
Бир-ге жур-ген қы-зыў жа-ўан




яр-яран ме-нен кө-ри-сип,
яр би-лә-ҳәм дәм бо-лып жур
ме-ге кун-лер бар-ме-кен ?
яр-билә ҳәм









Арзыў әйлер көңилимиз өз йуртымызға барғалы,
Ярыў-дослар ҳәм кәдирдан билән бирге жүргели,
Раҳим әйле, пәрўардигар, елге жеткер сен мени!
Я илаҳим, елимди көрер күнлер бармекен?

Ҳақ әзелде әйлемиш ошбуў йүриш бизге несип,
Ярый-достан айрылып, қайғы-думан баска түсип,
Бирге жүрген қызыў-жаўан яр-ярап менен көрисип,
Яр билә ҳәмдәм болып жүрмеге күнлер бармекен?

## МАЗМУНЫ


Бозатаўлы нәзәлим (К. Заретдинов намасы, 3
Ай әлип (Ә. Султанов намасы) . . . . . . . 10
Гөззаллар (Ә. Султанов намасы) . . . . . . 18
Бир пәрий (К. Абдуллаев намасы) . . . . . 22
Әй, нәзәлимлер (Н. Мухамеддинов намасы) 27
Бир жанан (Ә. Султанов намасы) . . . . . 31
Йоқ мениң (З. Лепесовтиң намасы) . . . . . 38
Қуба қуш (Ә. Султанов намасы) . . . . . . 43
Бармекен (Ә. Султанов намасы) . . . . . . 49


29/6159

*На каракалпакском языке*

АЖИНИЯЗ

**БОЗАТАЎЛЫ НӘЗӘЛИМ**

*нама қосықлары*


*Издательство „Каракалпакстан"*
*Нукус—1995*

Редакторы— *Г. Муртазаева*
Нама редакторы—*О. Янгибаев*
Нотасын түсирген—*З. Алламуратов*
Тех. редакторы—*О. Жумабаев*
Сүўретин салған—*И. Қыдыров*
Сүўрет редакторы—*К. Һекниязов*
Корректоры—*А. Аташева*

ИБ4756

Териўге берилген ўақты 9/III-95 ж. Басыўға рухсат етилген ўақты 30 III-95ж. Қағаз форматы 60x84$^{1}/_{32}$. Кегль 10. Көлеми 1, 75. т.ҳ. 1,65 шәртли б. т. 1,7 есап б. т. Жәми 3000 нусқада басылды. Буйыртпа №146. Баҳасы шәртнама бойынша

„Қарақалпақстан" баспасы, 742000. Нөкис қаласы, Қарақалпақстан көшеси, 9-жай.

Қарақалпақстан Республикасы баспа сөз бойынша мәмлекетлик комитетиниң Нөкис полиграфкомбинаты, 742000, Нөкис қаласы, Қарақалпақстан көшеси, 9-жай.